



Pou Piblikasyon Imedya: 06/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE DEZIYASYON PREMYE SANKSYÈ MAREN
NASYONAL NEW YORK LA NAN LAK ONTARIO**

***Deziyasyon Administrasyon Oseyanik ak Atmosferik National la fè Lak Ontario
vin premye Sanktyè Maren Nasyonal New York & 16è sit nan tout peyi a***

***Nouvo "Pak soumaren" an pwoteje plis pase 2,736 km kare istwa maritim Gran
Lak yo***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a selebre deziyasyon istorik Sanktyè Maren Nasyonal Lak Ontario (Lake Ontario National Marine Sanctuary) Administrasyon Oseyanik ak Atmosferik National (National Oceanic and Atmospheric Administration, NOAA) la. Sanktyè Lak Ontario a pral vin sèlman 16èm sit nan Sistèm Sanktyè Maren Nasyonal la ak premye ke yo ap deziyen nan kòt Eta New York la.

"Sanktyè sa a mete nan pati nò nou yo nan yon etap nasyonal, rekonèt resous inik ak siyifikatif rejyon an, mak inoubliyab li yo nan istwa Endijèn ak Ameriken an, ak opòtinite lwazi klas mondyal li yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Reyalizasyon istorik sa souliye angajman nou pou prezève eritaj maritim rich Lak Ontario a pandan y ap ankouraje opòtinite pou rechèch, lwazi, ak itilizasyon dirab. Kòm nou pwoteje plis pase 2,736 kilomèt kare ak anpil sit istorik, nou menm tou nou asire ke kominote Gran Lak nou yo kontinye ap boujonnen ak konekte ak pase, prezan, ak alavni dinamik yo."

Administratè NOAA, Richard Spinrad, Ph.D, te deklare, "Lak Ontario se yon pòtay enpòtan ant Gran Lak yo ak oseyan an. Soti nan komès pase nan divèsite biyolojik rive nan rekreyasyon, peyizaj maritim nan zòn sa a reprezante koneksyon pase yo, prezan ak alavni epi yo pral gen benefis enkwayab pou kominote yo ki t ap chache kreyasyon li ak pasyon."

Yo souvan refere li kòm pak soumaren, Sistèm Sanktyè Maren Nasyonal la gen ladan zòn ki gen resous natirèl oswa kiltirèl ki enpòtan nan istwa nasyon an ak anviwònman maren an. Nouvo Sanktyè Lak Ontario a pral amelyore pwoteksyon eta a ak federal ki deja egziste pou sit kiltirèl ak istorik san yo pa limite itilizasyon tankou lapèch, navigasyon ak anbakman. Deziyasyon Sanktyè a pote nouvo opòtinite pou rechèch, rekreyasyon, pwogram edikasyon ak angajman kominotè.

Sanktyè Maren yo enpòtan pou piblik la nan plizyè fason, ki gen ladan:

- **Pwoteje eleman natirèl ak kiltirèl yo:** Sanktyè a pwoteje bote panoramik, divèsite biyolojik ak koneksyon istorik oseyans ak Gran Lak yo. Yo bay yon abita ki an sekirite pou espès ki tou pre disparisyon ak pwoteje epav bato ak objè kiltirèl yo.
- **Sipòte itilizasyon dirab:** Sanktyè a pèmèt moun yo jwi oseyan ak Gran Lak yo nan yon fason dirab. Yo se espas lwazi popilè pou plonje ak lapèch espòtif, ak sipò endistri komèsyal tankou touris, rekòlte varèch ak lapèch. Yo menm tou yo sipòte kominote kotyè a nan ede kondwi ekonomi lokal yo ak bay travay.
- **Ofri opòtinite edikatif:** Sanktyè yo se salklas natirèl ak laboratwa pou chèchè, pwofesè ak elèv yo. Yo ka ede moun konprann ak pran swen oseyan an ak Gran Lak yo.
- **Konsève eritaj maritim:** Anplwaye sanktyè yo itilize edikasyon, akeyoloji, syans ak règleman maren pou prezève eritaj maritim.

Sanktyè Lak Ontario a pral kouvri plis pase 2,736 kilomèt kare dlo eta nan lès Lak Ontario ak pwoteje apeprè 43 epav li te ye ak yon avyon sibmèje, ki kouvri plizyè syèk nan istwa. Nouvo sanktyè sa a se yon lòt endikasyon de transfòmasyon kontinyèl nan kominote Gran Lak New York yo.

Pwosesis piblik solid pou deziyen Sanktyè Maren Nasyonal Lak Ontario te kòmanse nan dat 17 janvyè 2017, lè lidè nan kat konte New York yo (Oswego, Jefferson, Cayuga, ak Wayne) ak vil Oswego, ak sipò nan men gouvènè New York, te soumèt yon nominasyon bay NOAA atravè pwosesis nominasyon snktyè a. NOAA pibliye yon avi sou entansyon kòmanse pwosesis deziyasyon an nan dat 19 avril 2019 ak etabli yon Konsèy Konsiltatif Sanktyè an 2020 pou ede enfòme pwosesis deziyasyon an ak konsantre patisipasyon moun ki gen enterè yo, kote DOS ak Pak reprezante NYS kòm ansyen manm ofis.

NOAA pibliye yon deklarasyon enpak anviwònman ak plan jesyon pwojè nan dat 7 jiyè 2021, ak yon avi sou règleman pwopoze nan dat 19 janvyè 2023. Deklarasyon final enpak anviwònmantal la te pibliye nan dat 19 avril, 2024. Jodi 6 septanm 2024 la, Sekretè Deta New York la Walter T. Mosley ak Komisè Biwo pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) la Pro Tem Randy Simons te siyen yon Pwotokòl Akò ak NOAA pou sèvi kòm ko-administratè nan Sanktyè ki fèk deziyen an pou pwoteje, etidye ak selebre resous eritaj enpòtan sa yo.

Sekretè Deta Eta New York, Walter Mosley, te deklare, "Deziyasyon sa a make yon siksè istorik pou Eta New York pliske nou rekonèt lès Lak Ontario kòm yon sant mond-klas nan istwa maritim, eritaj ak kilti nasyon nou an. Sanktyè a se yon bagay nou dwe fyè de li – li gen pèsonalite epi li inik kòm plas espesyal li fèt pou pwoteje a. Depatman Deta a pa ka tann pou ko-jere Sanktyè a ak NOAA, ak an kolaborasyon avèk Premye Nasyon yo ak lidè dedye nan kominote nou yo ak kominote kotyè yo."

Komisè Tanporè Pak Eta New York la, Randy Simons, te deklare, "Sanktyè sa mete kominote nan pati nò New York la ak dlo yo sou yon etap nasyonal, ki rekonèt resous maritim inik ak siyifikatif reyon an, mak inoubliyab li yo nan istwa Ameriken an ak nan istwa premye nasyon yo, ak opòtinite lwazi klas mondyal li yo. Nouvo sanktyè sa a se yon lòt endikasyon de transfòmasyon kontinyèl nan kominote Gran Lak nou yo ak reprezante yon etap monimantal pou pi devan ak NOAA pou mete aksan sou tout sa gwo eta nou an gen pou ofri."

Komisè Edikasyon Eta a, Betty A. Rosa, te deklare, "Etablisman Sanktyè Maren Nasyonal Lak Ontario a make yon etap enpòtan nan efò kontinyèl nou yo prezève aspè inik ak enpòtan nan istwa ak eritaj New York la. Efò kolaborasyon sa a ant NOAA ak Eta New York mete aksan sou angajman pataje nou pou pwoteje istwa sa a pandan y ap ankouraje opòtinite edikatif. Atravè kolaborasyon kontinyèl, angajman kominotè, ak jesyon resous, Sanktyè a pwomès pou ede apwofondi konpreyansyon ak apresyasyon nou pou pase kiltirèl pataje nou an ak eritaj dirab li yo."

Antanke ko-manadjè, Eta New York pare pou pwofite pwogram planifikasyon ak devlopman ekonomik zòn kotyè Depatman Deta a, ki gen ladan [Pwogram Revitalizasyon Litoral Lokal](#), [Inisyativ pou Ekonomi ak Rezistans Zòn Kotyè ak Bò Lak \(Coastal Lakeshore Economy and Resiliency \(CLEAR\) Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil](#) ak [NY Forward](#), pou ranfòse kominote litoral yo ak pwoteje Sanktyè Maren Nasyonal Lak Ontario a davantaj. Yo wè Sanktyè a tankou yon lòt opòtinite pou ankouraje envestisman ki konsantre sou eritaj kiltirèl kotyè ak maritim solid reyon an.

Vil Oswego, pa egzanp, te resevwa yon prim 10 milyon dola soti nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil DOS la an 2016 pou pwojè ki redinamize anba lavil la ak re-konekte kominote a ak bòdmè a; Pwogram LWRP a finanse amelyorasyon nan santye pyeton bò rivyè a ki konekte anba lavil la ak Rivyè Oswego ak Lak Ontario; epi REDI sipòte finisman Waf Entènasyonal la pou amelyore eksperyans navigasyon an. Kòm rezilta, anba lavil Oswego te vin yon kote ki pi vibran ak eksitan pou vizitè Sanktyè yo rete ak jwe.

Deziyasyon sanktyè a konplete lòt efò eta ki vize pou ranfòse kominote litoral yo, tankou [Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik \(Resiliency and Economic Development Initiative, REDI\) Lak Ontario a](#), ki te etabli pou ogmante rezistans kominote plaj yo ak ankouraje devlopman ekonomik nan reyon an pou reponn ak modèl inondasyon elaji otou Rivaj Lak Ontario ak Rivylaji St. Lawrence. Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak reyon ki finanse pa REDI ap fèt, ki gen ladan 26 pwojè nan faz konsepsyon, 19 pwojè nan faz konstriksyon, ak 89 pwojè ki fini, ki gen ladan 9.5 milyon dola pou Waf Entènasyonal la, ak 3.1 milyon dola pwojè amelyorasyon Wrights Landing nan Vil Oswego

Pou plis enfòmasyon sou Sanktyè Maren Nasyonal Lak Ontario a, vizite <https://sanctuaries.noaa.gov/lake-ontario/> ak [kat istwa Gran Lak la, Gran Sekrè a](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)